



Pou Piblikasyon Imedya: 14/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APLIKASYON YO OUVRI POU PWOGRAM BOUSYE EMPIRE STATE 2022 A

Pwogram nan prepare nouvèl jenerasyon desidè pou dirije Eta New York yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti pwosesis aplikasyon pou klas Bousye Empire State (Empire State Fellows) 2022 a. Pwogram prestijye a atire talan eksepsyonèl epi divèsifye nan New York ak toupatou nan peyi a pou sèvi nan pozisyon wo nivo nan administrasyon an. Depi kreyasyon pwogram nan di zan de sa, moun ki gradye nan pwogram Bousye Empire State la te antre nan pòs siperyè nan gouvènman Eta a, ki enkli pozisyon Komisè Adjwen, Sekretè Adjwen, ak Sekretè Jeneral nan ajans nan tout Eta a.

"Antanke Empire State, nou fyè pou akeyi meyè Nouyòkè ki pi briyan ki enterese pouswiv yon karyè nan sèvis piblik", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen ankouraje tout moun nan New York ki enterese sèvi kominote a pou aplike pou Pwogram Bousye Empire State la, ki te yon opòtinite ki transfòme moun pou anpil sèvitè piblik. Nou pa ka tann pwochen klas Bousye divèsifye epi akonpli a ak travay enkwayab y ap fè pou asire ke Empire State la kontinye yon flanbo pwogresif pou peyi a."

Pwogram Bousye Empire State la se yon pwogram bousdetid ki prepare pwochen jenerasyon desidè Eta New York yo. Biwo Gouvènè a nonmen Bousye Empire State yo chwazi pou travay dirèkteman avèk yon Komisè, yon Komisè Adjwen, oswa yon lòt ofisyèl wo nivo nan yon ajans oswa Otorite Eta a oswa nan Chanm Egzekitif la.

Padma Seemangal, Sekretè Adjwen Operasyon Politik la, te deklare, "Antanke yon ansyen etidyan fyè nan Pwogram Bousye Empire State la, mwen te gen privilèj pou rejwen yon kowòt moun inovan ki enspire pou rejwenn sèvis piblik la epi devlope konpetans lidèchip yo. Konpetans ak konesans ki presye mwen te pran pandan Pwogram Bousye a te sèvi kòm entwodiksyon nan sèvis eta a, epi se akòz pwogram sa ke mwen an mezi pou sèvi nan yon objektif entèseksyon epi asire ke Nouyòkè yo ap resevwa opòtinite ki ekitab jodi a."

Klas Bousye Empire State k ap antre a ap sèvi soti septanm 2022 rive septanm 2024 la epi y ap resevwa yon salè pa ane 76,500 dola. Nou akeyi pwofesyonèl ki soti nan tout sektè - san bi likratif, prive, edikasyon siperyè - pou aplike.

Y ap aksepte aplikasyon jiska 4 avril 2022, ale nan <https://www.ny.gov/new-york-state-fellowship-programs/empire-state-fellows-program> pou plis enfòmasyon sou pwogram nan ak enstriksyon sou kijan pou aplike.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418